(Басы 1 бетте).

# КОНСТИТУЦИЯ—ТИЙКАРҒЫ СҮЙЕНИШИМИЗ

**— Өзбекстан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң бес жыллығы мүнәсибети менен гүрриңлесиў жүргизип атырғанымызды есапқа алып, әңгимемиздиң ендиги бөлегинде Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў Комитетиниң алып барып атырған жумыслары менен Өзбекстан Республикасы Конституциясы арасындағы өз-ара байланыс ҳаққында айтсаңыз?**

— Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан Республикасының қурамына киретуғын суверенли демократиялық республика.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 71—статьясында көрсетилгениндей, Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы Өзбекстан Республикасының Конституциясына қайшы келмеўи тийис.

Ал, енди Өзбекстан Республикасы Конституциясының 72—статьясында Өзбекстан Республикасы нызамларының Қарақалпақстан Республикасы аймағында орынланыўы шәрт екени айтылған. Сонлықтан, Қарақалпақстан Республикасы аймағында Өзбекстан Республикасы Конституциясының ҳәм нызамларының үстинлиги тән алынып, олардың булжытпай әмелге асырылыўы керек.

Конституциялық бақлаў Комитети усы жоқарыдағы көрсетилген конституциялық режелерден келип шығатуғын ўазыйпаларды орынлаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының ҳәм нызамларының Өзбекстан Республикасы Конституциясына ҳәм нызамларына муўапықлығын бақлап барады.

**— Қарақалпақстан Конституциялық бақлаў комитетиниң орнына Конституциялық судты шөлкемлестириў керек деген пикирлер бар. Бул пикирге Сизиң көз қарасыңыз қалай?**

— Өзбекстан Республикасы Федеративлик мәмлекет емес. Сонлықтан Конституциялық Суд тек Өзбекстан Республикасында ҳәрекет еткени, ал Қарақалпақстан Республикасында Конституциялық бақлаў комитетиниң болғаны ҳәзирги ўақыттағы сиясий, экономикалық ҳәм мәдений раўажланыў дәўир талабына муўапық келеди. Гәп булардың аталмаларында емес, ал атқарып атырған хызметлеринде.

**— Быйылғы жыл Президентимиз тәрепинен инсан мәплери жылы деп белгиленген. Бул жылда Сиз басшылық еткен Комитет Республикамызда жасаўшы халықтың мәпин қорғаў бойынша қандай әмелий иләжларды иске асырды?**

— Конституциялық бақлаў Комитети инсан мәплерин қорғаў мәселесине тиккелей араласпайды. Деген менен Комитет бул әҳмийетли истен пүткиллей жырақта деп ойлаўға да болмайды. Ҳәр қандай нызам инсанлардың мәпин қорғайды. Мәселен, Қарақалпақстан Республикасының «Пуқаралардың ден саўлығын сақлаў ҳаққында», «Майыплардың социаллық мәплерин қорғаў ҳаққында», «Билимлендириў ҳаққында» ҳәм тағы басқа да нызам актлери инсан мәплерин қорғаўда әҳмийетли хызметлерди атқармақта. Тек 1997 —жылда Конституциялық бақлаў Комитети Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы ҳәм Комитетлери тәрепинен жиберилген Қарақалпақстан Республикасы нызамларының жойбарларын үйренип шығып, олардың айырым статьяларына өзгерислер, толықтырыўлар, дүзетиўлер киргизиў бойынша 30 усыныс жиберди. Олар нызамларды қабыл етиў пайытында есапқа алынып, олардың сапасын жақсылаўға өзиниң унамлы тәсирин тийгизди.

**— Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстанның қурамындағы суверенли демократиялық республика екенлигин атап өттиңиз. Қарақалпақстанның суверенитети Өзбекстан Республикасы тәрепинен қорғалатуғынлығы Тийкарғы Нызамда да айрықша атап көрсетилген. Өзбекстан Республикасы Конституциясындағы бул туўралы белгиленген еркинликлердиң алдыңғы Конституциялардағыдан өзгешелиги ҳаққында да кеңирек тоқтасаңыз?**

— Дурыс, Өзбекстан Республикасының Конституциясында Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик статусы мойынланған, бизиң раўажланыў жолымыз да усыған муўапық белгиленген. Оның 70—статьясында; «Суверенли Қарақалпақстан Республикасы Өзбекстан Республикасының қурамына киреди. Қарақалпақстан Республикасының суверенитети Өзбекстан Республикасы тәрепинен қорғалады»,—деп көрсетилген. Өзбекстан Республикасының тийкарғы нызамының 73—статьясында бул реже тереңлестирилип, толықтырылған. «Қарақалпақстан Республикасының аймағы ҳәм шегаралары оның келисимисиз өзгертилиўи мүмкин емес, Қарақалпақстан Республикасы өзиниң ҳәкимшилик аймақлық дүзилисине байланыслы мәселелерди өз бетинше шешеди»,—делинген. Бул реже бизиң халқымызға болған исенимниң ҳәм дослықтың және де беккемленип баратырғанынан дерек береди. Алдыңғы Конституциялардағыдан өзгешелиги де мине усы статьяларда айқын көринеди.

Суверенитетке ийе болыўымыздың нәтийжесинде республикамыз өзиниң Конституциясына, нызам арқалы тастыйықланған мәмлекетлик нышанларына—гимнине, байрағына, гербине ийе болды, Бул жағынан алып қарағанда Өзбекстан Республикасының қурамында суверенли республика болғанымызға орынлы түрде мақтанамыз, бул тараўда топланған унамлы тәжирийбелер басқа халықлар ушын үлги болып хызмет етеди.

**— Газета оқыўшыларымызға тилегиңиз?**

— Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилген күни 8—декабрь —бул ғалаба халықлық байрам. Усы үлкен ҳәм қуўанышлы байрам менен газета оқыўшыларын қызғын қутлықлайман. Оларға беккем ден саўлық, жумысларында мол табыслар тилеймен.

**— Мазмунлы сәўбетиңиз ушын рахмет!**

**Сәўбетлесиўди жүргизген; журналист Гүлнара НУРЛЕПЕСОВА.**

# КОНСТИТУЦИЯ—ХАЛҚЫМЫЗ ТАЯНЫШЫ

1992—жыл 8—декабрь Өзбекстан республикасы Жоқарғы Кеңесиниң XI—сессиясында қабыл етилген Өзбекстан Республикасының Конституциясы демократиялық ғәрезсиз Өзбекстан мәмлекетиниң биринши конституциясы болды.

Конституцияның бир айырмашылығы, ол жер жүзилик жәмийетшиликтиң адам ҳуқықы тараўындағы ҳәм демократиялық жеңислер тараўындағы жетискенликке сүйенип ислеп шығылған. Конституцияда адам ҳуқықы, оның миллети, жынысы, рассасы, жасы, динге исеними ҳәм басқа белгилерине қарамастан кемситилетуғын бир де статья жоқ.

Конституция пуқаралардың дослықта, парахатшылықта татыў жасаўына беккем тийкар дүзип бериўши, халқымыздың социаллық жақтан тәмийинлеп, мәдениятымыздың өсип раўажланып барыўына хызмет ететуғын тийкарғы ҳүжжет болып хызмет етип киятыр. Әсиресе Конституцияның алғы сөзинде айтылған адам ҳуқықлар ҳәм ғәрезсизлик принциплери, келешек әўладлар алдындағы жуўапкершилик, Өзбекстан Республикасы мәмлекетин раўажландырыўдың тарийхый тәжирийбеси, халық аралық ҳуқық нормалары ҳаққындағы қатарлар —оның халқымыздың келешектеги турмысының раўажланыўына бағдарланғанлығы айқын көринип турыпты.

1992—жыл 8—декабрь Өзбекстан Республикасы Конституциясын қабыллаў ўақтында Өзбекстан Республикасы Олий мажлисиниң XI—сессиясында шығып сөйлеген сөзинде Президентимиз И. Ә. Кәримов «Ҳуқықый мәмлекеттиң тийкарғы белгиси—барлық пуқаралардың нызам алдындағы теңлиги. Конституция ҳәм нызамлардың үстемлигин тәмийинлеўден ибарат» —деген еди. Әлбетте келешеги уллы раўажланған ҳуқықый демократиялық мәмлекет дүзиўде Конституцияның ҳәм оның нызамларын қорғаў, оның әҳмийетин билиў, түсиниў ҳәр бир Өзбекстан Республикасы пуқарасының ўазыйпасы ҳәм бул үлкен әҳмийетке ийе.

Конституцияның 15—статьясында — «Өзбекстан Республикасында Өзбекстан Республикасының Конституцияның ҳәм нызамларының үстемлиги мойынланады. Мәмлекет, оның уйымлары, лаўазымлы адамлар, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралар Конституцияға ҳәм нызамға муўапық ҳәрекет етеди» делинген.

Конституцияда пуқаралардың жеке ҳуқық ҳәм еркинликлерине айрықша әҳмийет берилген. Конституцияға муўапық—жасаў ҳәр бир адамның ажыралмас ҳуқықы болып табылады оған қол қатыў ең аўыр жынаят болып есапланады.

Ҳәр бир адам еркинлик ҳәм жеке қол қатылмаслық ҳуқыққа ийе. Нызамға тийкарланбай турып ҳеш ким жынайы жуўапкершиликке тартылмайды ямаса қамақта сақланбайды. Жынаят ислеўде айыпланған ҳәр бир адам айыбы судта жәриялылық жолы менен қаралмағанша ҳәм нызамлы тәртипте анықланбағанша айыпсыз есапланады. Оған өзин қорғаў ушын мүмкиншиликлер тәмийинленеди.

Ҳәр бир адам өзиниң ар-намысына, қәдир—қымбатына қол қатыўдан, өзиниң жеке турмысына араласыўдан қорғаныўға ҳақылы. Өзиниң турақ жайына қол қатылмаслық ҳуқықына ийе. Ҳәр бир адамға ой-пикир сөз ҳәм исеним еркинлигине, ҳәмме ушын шың ҳүждан еркинлигине кепиллик берилген. Ҳәр қандай динге исениўге ямаса исенбеўге ҳақылы. Пуқаралардың бул жеке еркинликлери Конституцияның 24—31—статьяларында айқын сәўлелениўин тапқан.

Конституцияда пуқаралардың экономикалық ҳәм социаллық ҳуқықларына күшли әҳмийет берилген. Ҳәр бир адам меншик ҳуқықына ийе. Банк аманатларының сыры ҳәм мийраслық ҳуқықына нызам менен кепиллик берилген.

Ҳәр бир адам мийнет етиў, жумысты еркин таңлап алыў, әдил мийнет жағдайларында ислеў, ҳәм нызамда көрсетилген тәртипте жумыссызлықтан қорғаныў ҳуқықына ийе.

Ҳәр бир адам қартайғанда, мийнет қабылетинен айрылған жағдайда, сондай-ақ асыраўшысынан айрылған жағдайда ҳәм нызам менен нәзерде тутылған басқада жағдайларда социаллық жақтан тәмийинлениў ҳуқықына ийе.

Ҳәр бир адам қәнийгели медициналық хызметтен пайдаланыўы билим алыў ҳуқықына ийе. Бийпул улыўма билим алыўға мәмлекет тәрепинен кепиллик бериледи. Бул ҳуқықлар Конституцияның 36—41 —статьяларында анық көрсетилген.

Президентимиз И. Ә. Кәримов өз сөзинде; «Халық ашлыққа, қыйыншылыққа шыдаўы мүмкин, бирақ та жынаятшылыққа тақат ете алмайды» деп көрсеткен еди.

Мине, Ғәрезсиз Өзбекстан Конституциясының (тийкарғы Нызамының) қабыл етилгенине 5 жыл болды. Бул Конституция халқымыздың ийгилиги ушын еркинлиги ҳәм абаданлығы ушын хызмет ете береди.

Мен республикамыздың барлық пуқараларын Өзбекстан Республикасы Конституциясының 5 жыллық байрамы менен шын жүректен қутлықлап, жумысларында табыс, шаңарақларына аманлық, бахыт тилеймен.

**Б. ДОШЫМБЕТОВ.**

**Нөкис район прокуроры, әдиллик киши кеңесшиси.**

# ПУҚАРАЛАРДЫҢ ТИЙКАРҒЫ ҲУҚЫҚЛАРЫ ҲӘМ ЕРКИНЛИКЛЕРИ

Неше бир әсирлерден бери инсан ҳуқықларының қорғалыўы дүньяда ең әҳмийетли мәселелерден бири болып келген. Соның ушын бундай мақсетлерге ерискен Өзбекстан Республикасы өзиниң еркинлигин ҳәм ғәрезсизлигин толық сүўретлейтуғын толық негизги Нызам—Өзбекстан Республикасының Конституциясын ғәрезсиз Дослық аўқамындағы мәмлекетлер ишинде (арасында) биринши қатарында 8—декабрь, 1992—жылы қабыллады ҳәм бул Конституциямыз инсан менен мәмлекет, инсан менен жәмийет ортасындағы қарым-қатнасықтың исенимли кепили болып, көп жыллық ислеримиздиң жол көрсетиўшиси болғанлығы бүгинги күн менен келешегимиз ушын өз өмиримизде болып атырған анық ўақыялардан мәлим болыўда ҳәм тастыйықланыўда.

Жаңа Конституциямыз халық—аралық ҳуқықый нормалары стандартына сәйкес келетуғын, Өзбекстан пуқарасы менен халқының бәрқулла еркин ылайықлы өмир сүриўин, олардың парахатшылығы менен миллетлердиң өз ара татыўлығын, ийгиликли демократиялық мәмлекет қурыўды тәмийин ететуғын негизги Алтын Нызам болып есапланады.

Конституция негизинде инсан ҳуқықларын ҳәр тәреплеме қорғайтуғын нызамлар менен ҳуқықый акт нормаларын қабыл етиўди дәўир талап етип баслады. Соның ушын Президентимиз Ислам Кәримов алдын тастыйықланған ҳәмме нызамларымызды да Жаңа Конституция негизинде қайтадан қарап шығыў лазым,—деген көрсетпесине сәйкес түрли салалар бойынша кодекслер, нызам ҳәм ҳуқық актлери илимпазлар тәрепинен ислеп шығарыла баслады.

Ҳәзирги күнде бул нызам ҳүжжетлери хожалық исин жүргизиўди қәлиплестириў, ҳәкимшилик ҳуқық бузыўшылық, жынаят ҳәм жынаят процесси кодекси, пуқаралық, мийнет, кодекси, жеке меншик, нотариал ҳәм адвокатура ҳаққындағы нызамлар негизги демократиялық принциплер, инсан ерки ҳәм олардың ҳуқықларын қорғайтуғын нызамлар болып әмелге асырылып атыр.

Жаңа Конституцияның екинши бөлиминде адамның ҳәм пуқараның тийкарғы ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм миннетлери толық баян етилген. Усы Конституцияның Республикада жасаўшы адам ҳәм пуқаралар толық мойынлап, онда көрсетилген ҳуқық нормаларын орынлаған жағдайда ғана толық демократиялық ҳуқықый мәмлекет орнатыўға ерисемиз.

Сол ушын мектеплерде, орта арнаўлы ҳәм жоқарғы оқыў орынларында жасларды ўатанды ҳәм халықты сүйиўге жаңа Конституция негизинде тәрбиялап оқытыўға көп кеўил аўдарыў кәжет, ал биз республикадағы ҳәмме юристлер Нызам ҳәм ҳуқық нормаларын жәмийетшилик арасында оқытып—үйретип, үгит-нәсият жумысларын жүргизиўди күшейтиўимиз керек.

**Улмекен ДҮЙСЕНОВА.**

**Нөкис қалалық №2—санлы мәмлекетлик нотариал кеңсесиниң аға нотариусы;**



Сүўретте: Тақыятас қалалық прокуратурасының жаңа имараты.
П. МАТЖАНОВтың түсирген сүўрети.

